

**MAKNA SAJRONE NOVEL KADURAKAN ING KIDUL DRINGU**  
**ANGGITANE SUPARTO BRATA**  
*(Tintangan Struktural)*

**Anike Prarista Putri**

Jurusan Bahasa Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[anikesejati@yahoo.com](mailto:anikesejati@yahoo.com)

**Abstrak**

Panliten iki nintingi novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* karyane Suparta Brata kanthi underan antarane, (1) Kepriye struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*? (2) Apa maknane novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*?

Ancase panliten iki (1) Medharake struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* (2) Medharake maknane novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*. Panliten diajab bias nyengkuyung pangrembakan panliten-panliten tintangan struktural sabanjure.

Metode panliten sing dicakake ing kene migunakake metode struktural. Sumber dhatane awujud novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* anggitane Suparto Brata. Novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* dicetak ing penerbit NARASI, Yogyakarta. Cara ngumpulake dhata yaiku maca novel, banjur inventarisasi dhata sing cundhuk karo underaning panliten.

Asiling panliten iki medharake (1) struktur naratif jroning novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ana tema, fakta crita, lan sarana crita. Tema mayor novel kasebut yaiku perjuwangan para pemudha nglawan kolonial ing Probolinggo, dene tema minor ngenani jejodhowan antarane pemudha Naraindras, Wimbadi, Kingkinarti lan Dulmanan. Fakta crita ana paraga lan pamaragan, plot, konflik, alur, lan kelir. Paraga kaperang dadi paraga protagonis lan antagonis, sarta paraga paraga tambahan. Kelir jroning novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ana loro yaiku kelir panggonan ana kutha Probolinggo lan kutha Sala. Alur sing digunakake yaiku alur maju. Konflik jroning novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* wujude konflik internal lan konflik eksternal sing dipungkasi kanthi cara tinarbuka. Sarana crita digunakake kanggo nggambareke kahanan jroning crita, pamilihing basa ndadekake critane *variatif* lan *dramatis*.

(2) Makna novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ing antarane, ana sejarah Diplomasi-Prejanjen Indonesia, perjuwangan fisik kang sarwa rekasa, pakumpulan mujudake sarana nilai solidaritas sosial, jroning pasrawungan ana etika sosial, akidah ngenani kewan asu, bener iku gumantung dhiri pribadhi, lan anane tumindak nyebal saka kamanungsan.

Tembung kunci : Novel KIKD, tintangan struktural.

## Abstrak

Panelitian ini mengkaji novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* dengan permasalahan diantaranya (1) Bagaimanakah struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*? (2) Apakah makna novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ?

Penelitian ini menggunakan teori struktural. Tujuan penelitian ini diantaranya (1) Menjelaskan struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* (2) Menjelaskan makna novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*. Dari tujuan diatas dapat diambil manfaat untuk kesastraan jawa dengan harapan dapat menjadi acuan untuk penelitian-penelitian dengan kajian struktural selanjutnya.

Metode penelitian yang diterapkan disini menggunakan metode struktural. Sumber dhata penelitian ini berupa novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* karya Suparto Brata. Novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* dicetak dalam penerbit NARASI, Yogyakarta. Novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* dipublikasikan tahun 2012. Novel ini mempunyai delapan bab dan 182 halaman. Cara mengumpulkan dhata yaitu dengan membaca dan mengamati novel, kemudian inventarisasi dhata yang dekat dengan rumusan permasalahan.

Hasil penelitian iki menjelaskan (1) struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* meliputi tema, fakta crita, dan sarana crita. Tema dibagi menjadi tema mayor dan tema minor. Tema mayor yaitu mengenai perjuwangan para pemudha melawan kolonial, sedangkan tema minor mengenai perjodhoan antara pemudha Wimbadi dan Kingkinarti. Fakta crita terdiri atas tokoh dan penokohan, plot, konflik, alur, dan setting. Kelir dalam novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ada dua yaitu setting tempat di kota Probolinggo dan Sala. Alur yang digunakan adalah alur maju. Konflik dalam novel wujudnya konflik internal dan konflik eksternal dengan ending terbuka. Sarana ceritanya menggunakan bahasa yang variatif sehingga memunculkan kesan variatif dan dramatis pada pembaca.

(2) Makna novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* diantaranya, ada sejarah Diplomasi-Prejanjen Indonesia, perjuwangan fisik yang sulit, perkumpulan yang menimbulkan solidaritas sosial, dalam pergaulan ada etika sosial, akidah mengenai hewan anjing, kebenaran itu bergantung diri sendiri, dan adanya perbuatan yang tidak manusiawi.

Kata kunci : Novel KIKD, kajian struktural.

## 1. PURWAKA

### 1.1 Lelandhesan Panliten

Karya sastra minangka asil *kreativitas* pengarang sarana basa. Karya sastra kasusun saka kadadean-kadadean kang watake *imajinatif*. Dikuwatake dening panemune Eagleton (sajrone Adi, 1983:1), karya sastra minangka tulisan kang *imajinatif*. Kadadean kang klakon ironing crita ora saben padha marang kanyatan ing jagad kang satemene. Kanthi mangkono, karya sastra bisa diandharake tanpa ngaitake pengarang minangka pangripta karya sastra.

Karya sastra uga nduwensi watak kang adiluhung jalaran hakekate karya sastra ngandhut nilai-nilai kang bisa

dicakake ing pasrawungan. Senajan karya sastra isine ngenani pengalaman kang *dramatis* nanging yen pengalaman ing njerone dadi patuladhan ala, ora bisa sinebut karya sastra. Mula saka kuwi, sastra ora mung wujud kaendahan lumantar basa nanging minangka sarana nyampekake nilai.

Karya sastra wujude ana novel, cerkak, cerbung, lan sapanunggalane. Novel minangka sawijine wujud karya sastra kang nyuguhake miniatur jagad kang sarwa *kompleks*. Novel njlentrehake kadadean kanthi luwih dhawa jalaran nyritakake *interaksine* manungsa ing madyane bebrayan. Ana interaksi kang

ora bisa uwah saka perkara antarane manungsa karo alam, manungsa marang Gusti Pengeren, lan manungsa marang sapadhane. Pamaos disediyan kalodhangen wektu maca isi critane.

Maca sawijining novel tumrap saperangan pamaos dikarepake pengin nyumurupi isine crita sing disuguhake dening pengarang, (Nurgiyantoro, 1998:11-12). Isi critane bisa ditemokake kanthi cara maca tekan pungkas lan ora dipunggel-punggel. Saben maca kadadean siji tamtu bakal nuwuhake rasa pengin weruh nganti critane pungkas. Mula, kanthi ora sengaja pamaos bakal digeret nganti tekan pungkasane crita.

Nurgiyantoro (1998:23) ngandharake yen jroning novel ngandhut rong unsur, yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik. Unsur intrinsik novel minangka unsur-unsur kang dadi pamangun saka njerone novel. Unsur intrinsik kasusun saka critane, paraga, plot, alur, kadadean, tema, kelir, basa, sudut pandang, lan sapanunggalane. Banjur, unsur ekstrinsik minangka aspek kang ana sanjabane karya sastra. Unsur kang ana ing otconom karya sastra mau bisa digunakake kanggo teken jroning analisis novel. Dene unsur ekstrinsik novel digunakake saperlu ndhukung otconom sastra.

Salah sawijine novel kang narik kawigaten ing babagan critane yaiku novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* anggitane Suparto Brata. Suparto Brata minangka pengarang sing produktif ngripta novel kadi dene Any Asmara, Th.Surata, Subagiya Ilham Natadijaya, Purwadhie Atmadiharja, Widi Widayat, Satim Kadaryana, Sudharma K.D, St Lesmaniasita, Achmad D.S, Sumarjana, lan Mulyana Sudarma.

Ing antarane para pengarang, Suparto Brata minangka pengarang kang akeh ngangkat tema perjuwangan kamardikan antarane, *Donyane Wong Culika, Dom Sumurup Ing banyu, Lara Lapane Kaum Republik, Kadurakan Ing Kidul Dringu, Kaduk Wani, lan Kena Pulut* sing

mujudake trilogy *Kelangan Satang*. Saka reription-reription sastra kang diasilake, Suparto Brata oleh maneka pangaji-aji saka Indonesia nganti negara manca. Prestasine ing antarane ; juara I sayembara cerbung kanthi irah-irahan Kaum Republik, pikantuk hadiyah rancage ing taun 2000, 2001, lan taun 2005. Banjur oleh hadiyah saka Gubernur Jawa Timur minangka seniman pengarang tradisional ing taun 1993.

Kejaba kuwi, asmane kecathet ing buku *Five Thousand Personalities of The World* taun 1998 diterbitake American Biographical Institute, Raleigh, Nort Carolina 27622 USA. Taun 2007, piyambake dadi salah siji sastrawan Indonesia sing oleh pangaji-aji saka Menteri Pendidikan Nasional Indonesia, sarta dipilih nampa hadhiyah *The S.E.A Write* saka kerajaan Thailand. Mula, panliti nemtokake nliti salah sawijine karya sastra reriptione Suparto Brata.

Pamilihing novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* adhedasar isine crita onjo ing babagan tumindak kaprawiran para pemudha nglawan kolonial. Crita kaprawiran novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* ana “kejutan”, satemah para maos ora nyana marang kanyatan kang kelakon ing pungkasane crita.

Novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* (sateruse dicekak KIKD) nyritakake kadadean sawise Indonesia mardika, para pemudha nindakake perjuwangan nglawan kolonial ing kutha Probolinggo. Kacritakake saka pamawas paraga Wimbadi, dheweke minangka saweneh pemudha saka kutha Sala sing dipindhah jawatan menyang Probolinggo. Salah sawijine dina, Wimbadi oleh serangan saka Landa.

Wimbadi ngungsi ing langgare kamituwa amarga papan liyane wis kebak pengungsi. Wimbadi nglumpuk karo para pengungsi saka kutha liya. Jaman kolonialisasi, para pemudha mbentuk kekuwatan anyar kanggo nglawan

mungsuhan. Tuwuhan crita kaprawiran sajrone pangulandara kasebut.

Landa terus-terusan nindakake agresi militer kanthi tujuwan nguwasanan panggonan umum, bab iku nuwuhake perlawanan saka pihak pribumi, carane mbumiangus papan panggonan umum lan nindakake agresi militer. Agresi militer sing ditindakake migunakna piranti sak anane.

Tumindak kaprawiran ing dhiri para pemudha sepisanan tuwuhan saka kahanan sing ngrudhapeksa kamardikane, sarta saka obong-obong tetembungan para patriot kanggo nglawan kolonial. Kahanan kutha dadi kisruh, akeh kurban tembak sing gumlethak ora bisa direksa jisime krana papan panggonan umum dikuwasani pihak sekutu. Semono uga kahanane para pemudha kang padha congkreh sawise berjuwang. Landa tansah waspada ana panggonan umum ndadekake pribumi ora bisa tumindak akeh.

Kadadean jroning panliten iki ditintangi migunakake tintingan struktural, yaiku nintingi unsur intrinsik lan makna saka critane. Novel iki minangka novel perjuwangan. Saka aspek otonom kang ana jroning novel KIKD, kadadean-kadadean kang ana jroning critane ngandhut makna kang jembar. Makna kang sumimpen jroning teks ngandhut nilai-nilai kang kudu diwedharake kanthi gamblang.

## 1.2 Underane Panliten

Panliten kanthi objek novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* anggitane Suparto Brata bakal nintingi perkara cacah loro. Kanthi ringkes underane panliten bisa dirumusake :

- Kepriye struktur naratif novel *Kadukaran Ing Kidul Dringu?*
- Kepriye makna jroning novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu?*

## 1.3 Ancase Panliten

Cundhuk karo underane panliten, panliti nduweni ancas :

- Medharake struktur naratif novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*
- Medharake makna jroning novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu.*

## 1.4 Paedahe Panliten

### 1.4.1 Paedah Teoritis

Ing panliten iki, asiling panliten diajab bisa dadi *literature* utawa sumber kapustakan ngenani telaah sastra kang migunakake tintingan struktural.

### 1.4.2 Paedah Praktis

- Tumrap panliti, diajab panliten iki bisa nambah sarta ningkatake pemahaman sarta ngecakake ngenani tintingan struktural.
- Tumrap sastra Jawa, diajab bisa nyengkuyung pangrembakan panliten-panliten sastra kanthi tintingan struktural.
- Tumrap pamaos, muga-muga bisa dumadi rujukan kanggo panliten-panliten sastra sing sesambungan karo kolonial sarta bisa diterusake kanggo pangrembane panliten-panliten kanthi tintingan struktural.
- Tumrap piwulang, diajab kanggo sarana para siswa ngertenipun kaprawiran lan lelakone bangsa Indonesia jaman kawuri. Saliyane iku, diajab pamulangan ngenani jiwa kaprawiran bisa dipupuk lan dituwuhake marang saben-saben dhiri siswa. Sarta tumrap angkatan isor bisa dumadi rujukan kanggo panliten sabanjure.

## 1.5 Wewatesane Panliten

- Novel perjuwangan, yaiku novel sing isine ngenani perjuwangan nglawan penjajah.
- Kaprawiran, kaprawiran minangka tumindak pawongan sing gelem reksa lumaku kanggo kekuwatan lan makmure bangsa, *KBBI* (2001:837).
- Strukturalisme, paham ngenani unsur-unsur yaiku struktur, kanthi anane sesambungan-semabungan struktur, antrane unsur siji lan liyane, sarta

- sesambungan antarane unsur karo sakabehing isine, Ratna (91: 2008).
- d. Tintingan struktural, tintingan sing medhar ngenani struktur karya sastra. Struktur karya sastra ditegesi susunan, negesake, lan gegambaran kabeh bahan lan saperangan kang dumadi komponen sing kanthi cara bebarengan mbentuk wutuh kang endah, Abrams (1981:68).
  - e. Struktur *naratif*, minangka unsur pamangun novel kang diperang dadi telu fakta, tema, lan sarana cerita, Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 1998:25).
  - f. Wujud estetik, wedharing karya saka bentuk wutuh sastrane kanthi susunan tema, fakta, lan sarana crita.
  - g. Isi estetik, pratelan teks lan basa sing ngandhut nilai-nilai kaendahan lan nilai sing bener jroning crita.
  - h. Fungsi estetik, minangka cara negesake utawa njlentrehake makna crita kanthi luwih cetha utawa ing suwalike (Wellek lan Werren, 1993:226).

## 2. TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 2.1 Panliten Sadurunge Sing Saemper

Panliten sadurunge sing saemper kanggo *kiblat* panliten iki, antarane panliten saka Suci Arianti (2011), Siti Muanifah (2012), lan Aris Triyanto (2012). Sepisan, panlitene Suci Arianti kanthi irah-irahan *Gonjang-Ganjinge Bale Wisma Sajrone Cerbung Poyang-Payingan Anggitane Mbah Brintik* (*Tintingan Strukturalisme Genetik*).

Sabanjure, panlitene Siti Muanifah, kanthi irah-irahan *Konflik Batine Paraga Hari, Eni, Lan Dewi Sajrone Novel Manila Tresnaku Kelara-Lara Anggitane Fitri Gunawan*.

Pungkasan, panlitene Aris Triyanto taun 2012. Aris nintingi Novel *Carang-Carang Garing Anggitane Tiwiek S.A Kawawas Saka Teori Strukturalisme Genetik*.

Panliten iki migunakake tintingan struktural kanthi nintingi perkara struktur

naratif novel KIKD. Jroning struktur naratif novel KIKD kang ditengenake yaiku teks kang ngandhut tema perjuwangan. Ing njerone, ana crita kang ngandhut makna-makna kang kanthi cara ora langsung kudu ditangkep dening pamaos.

### 2.2 Strukturalisme

Strukturalisme minangka aliran utawa paham sing magepokan karo aspek struktur karya sastra. Miturut panemune Hawks (sajrone Pradopo, 2001:56), strukturalisme ditegesi carane mikir ngenani jagad sing ana sambung rapete karo panemu lan deskripsi struktur. Strukturalisme sipate otonom, mula ora mbuthake bab kang ana ing njabane karya sastra. Dudu perkara kahanan ing mula bukane karya sastra diripta dening pengarang utawa kanyatan kang nyengkuyung laire karya sastra.

Strukturalisme weneh pamarkan marang karya sastra minangka sawijining struktur. Saben-saben unsur jroning struktur nduwensi kalungguhan minangka fungsi. Piranti sing diperlokake jroning analisis struktural mung kawruh pribadhi, amarga struktur karya sastra kuwi kaya dene *relasi*. Antarane unsur siji mangaribawani unsur liyane kadi dene hubungan kang kudu ditemokake maknane kanthi wutuh. Salaras karo panemune Pradopo (2011:25), struktur ngandhut pamawas yen jroning karya sastra minangka kesatuwan wutuh kanthi unsur-unsur pamangun kang pada nduwensi sesambungan.

### 2.3 Struktur Naratif Karya Sastra

Struktur naratif novel ana tema, fakta crita, lan sarana crita. Dikuwatake dening panemune Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 1998:25), unsur pamangun novel diperang dadi telu : fakta, tema, lan sarana cerita. Unsur-unsur novel kasebut mangun crita kanthi wutuh saka kawitan tekan pungkasan. Isor iki bakal dijgentrehake kanthi jembar ngenani, tema, fakta crita, lan sarana crita.

### **2.3.1 Tema**

Tema ngemu teges panemu kang sepisanan tumrap karya sastra, jalaran susunane teks mono minangka unsur semantike, gumantung saka pepadhan-pepadhan utawa rubeda, Hartoko & Rahmanto (sajrone Nurgiyantoro, 1998:68). Saben crita tamtu ngandhut pirang-pirang kadadean, nanging saka kumpulan-kumpulan kadadean kang padha kang bisa didudut dadi tema.

Tema kaperang dadi tema mayor lan tema minor, lelandhesane saka anane makna tumrap crita kang bisa tuwuh luwih saka siji. Tema mayor ditegesi makna kang onjo saka pirang-pirang kadadean jroning crita, dene tema minor minangka makna sing didudut saka perangan-perangan kang ana jroning crita (Nurgiyantoro, 1998:83).

### **2.3.2 Fakta Crita**

Saben karya sastra nduwensi bebener dhewe, merga karya sastra mujudake pengilon kanggo pamaose. Nalika kita pengin njlentrehake kasunyatan jroning crita mbutuhake fakta crita. Fakta crita pamarenge ana telu, kaya panemu saka (Nurgiyantoro, 1998:25), fakta ing crita ana paraga, plot, lan kelir. Luwih cetha, ing isor iki bakal dijnlentrehake ngenani paraga, plot, lan kelir.

#### **2.3.2.1 Paraga lan Wewatakane**

Paraga diwastani dhiri-dhiri pribadi sing lumaku ing crita kanthi tata laku kaya dene manungsa. Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 1998:20) medharake menawa paraga minangka pawongan sing ditampilake sajrone karya sastra *naratif* utawa drama. Tekane paraga ing crita tamtu nduwensi maksud ngowahi dalam critane, ora ana crita sing bisa dicritakake tanpa paraga.

Jroning panliten iki paraga diperang dadi ;

##### **a. Paraga Protagonis**

Paraga protagonis miturut Altenberd & Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 1988:178), minangka paraga kang dadi sesubya, kanthi cara umum

sinebut prawira kang lumaku kanthi tujuwan nyampekake norma, nilai, sing salaras.

##### **b. Paraga Antagonis**

Paraga antagonis minangka paraga kang kerep gawe geger marang paraga protagonis. Nurgiyantoro (1988:179), paraga antagonis minangka paraga sing dhemen nuwuheke konflik.

##### **c. Paraga Tambahan**

Paraga protagonis mbutuhake sesambungan karo paraga liyane sing sinebut paraga tambahan. Paraga baku kasusun saka siji utawa luwih saka rong pawongan sing onjo ing crita.

Pamerange paraga ing ndhuwur kanthi tetimbangan, jroning crita ana sekat tipis kanggo mbedakake paraga protagonis minangka paraga utama, paraga protagonis minangka paraga tambahan, paraga tambahan antagonis lan sapanunggalane. Paraga protagonis mujudake paraga hero kang wigati nggawa lakune crita, dene paraga antagonis minangka mungsuh saka paraga protagonis. Dene paraga tambahan mujudake paraga kang nyengkuyung lumakune paraga protagonis utawa paraga antagonis.

#### **2.3.3.1 Plot**

Plot ditegesi urutan-urutan kadadean saka mula bukane crita nganti tamat. Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 1998:113) medharake, menawa plot yaiku crita ngenani urutane kadadean, nanging saben kadadean kasebut digabungake mawa sebab akibat, kadadean siji disebabpake utawa nyebabpake kadadean liyane. Saben kadadean kang ana jroning plot nduwe sesambungan karo kadadean liyane.

Plot mangaribawani alur. Alur kaperang dadi telu yaiku alur maju, alur mundhur, lan alur campuran. Alur maju nggawa pamaos marang kadadean sing bakal dumadi. Dene, alur mundur nggamarake kadadean sing dumadi jaman kepungkur. Pungkasan alur campuran mujudake gabungan antarane alur maju lan alur mundur.

### **2.3.2.3 Konflik**

Ora ana crita sing bisa lumaku tanpa konflik. Konflik nduweni daya pangaribawa kanggo pangrembakane plot. Kaya panemu saka Nurgiyantoro (1998:122) ngandharake menawa konflik *notabene* kadadean sing kalebu wigati bab unsur *esensial* sajrone pangrembakane plot. Konflik sing tuwuh jroning crita nduweni daya pangaribawa marang *suspense* critane.

Miturut panemune (Nurgiyantoro, 1998:124), konflik diperang dadi loro, yaiku konflik *eksternal* lan konflik *internal*. Konflik *eksternal* tegese konflik paraga klawan perkara ing sanjabane dhiri. Cacahe konflik *eksternal* ana loro, yaiku konflik *fisik* lan sosial. Konflik *fisik* wujude pertentangan langsung individu karo jagad. Pungkasan, konflik sosial tuwuh saka pertentangan langsung antarane paraga siji lan liyane ing masyarakat.

Jroning crita, konflik dipungkasi kanthi maneka cara, miturut teori saka Aristosteles (sajrone Nurgiyantoro, 1998:146), pungkasane crita bisa dibedakake ing rong jinis, cara nyenengake (*happy end*) lan cara sedhiih (*sad end*).

### **2.3.2.4 Kelir**

Kelir utawa winastanan setting, tumuju marang papan, sesambungan wektu, lan kalungguhan sosial dumadine kadadean-kadadean sing dicritakake, Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 1981:175). Mawa kelir, paraga jroning crita nduweni titik-titik tujuwan. Pamerange kelir dadi telu yaiku ;

#### **a. Kelir Panggonan**

Sajrone karya sastra kelir papan umume kanggo jeneng jeneng Kutha, jeneng Desa, jeneng dalan, lansapanunggale. Sawijining novel bisa nggambarake kelir papan luwih saka sak panggonan.

#### **b. Kelir Wektu**

Miturut Gennete (sajrone Nurgiyantoro, 1998:231) latar wektu

nduweni rong makna yaiku tumuju marang wektu panulise crita lan urutan wektu kadadean sing ditulis ing crita.

#### **c. Kelir Sosial/Kahanan**

Kelir sosial ana sesambungane karo kahanan lan kabudayan sosial masyarakat ing sawijine papan sing dicritakake jroning karya fiksi (Nurgiyantoro, 1998:233).

Saka pamerang kasebut, kanthi cetha kelir nduweni pangaribawa tumrap crita. Kelir panggonan dadi teken sing dituju paraga, dene kelir sosial nggawa pamaos menyang kahanan sosial, struktur sosial, lan aturan sosial ing masyarakat. Mula, jlentrehan perkara kelir ing crita beda-beda gunane nanging tujuwan pesthine kanggo nyumurupi kahanan sarta katrangan pesthi ngenani paraga.

### **2.3.3 Sarana Crita**

Sarana crita yaiku tehnik sing digunakake pengarang milih lan nyusun *detail-detail* crita dadi pola sing nduweni makna (Suharto, 2002:44-45). Sarana crita ana basa lan *sudut pandang*,

#### **2.3.3.1 Basa**

Hakekate basa mono minangka sarana medharake gagasan, jroning novel basa minangka sarana nyampekake kadadean, asal-usul para paragane, lan nuwuahake aspek estetis marang critane.

Miturut kabudayan Jawa, tataran basa ana undha-usuk yaiku basa ngoko, basa madya, banjur basa krama. Basa ngoko digunakake kanggo cecaturan marang kanca dhewe sarta marang wong sing luwih enom. Basa ngoko iki sing luwih asring digunakake kanggo cecaturan jroning pasrawungan, dene basa krama digunakake cecaturan marang wong sing luwih tuwa.

#### **2.3.3.2 Sudut Pandang**

Nalika kita maca sawijining karya sastra tamtu kita bakal nilik saka carane sapa lan kepriye crita kasebut disampekake. Miturut Abrams (sajrone

Nurgiyantoro, 1998:249), sudut pandang minangka cara utawa panyawange pengarang wujud sarana kanggo nyajikake paraga sarta tumindake, kelir, lan sakabehing kadadean sing mujudake crita jroning karya faksi kanggo pamaose.

Pamerange sudut pandang miturut (Nurgiyantoro, 1998:249), ana loro yaiku miturut aku sing saben weruh kadadean lan dheweke sing saben weruh kadadean kadadean.

## 2.4 Lelandhesan Teori

Panliten iki migunakake tintingan struktural minangka teori kang digunakake saperlu nintingi novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*. Strukturalisme minangka carane nyawang apa kang sumimpren jroning karya sastra dene teori digunakake gaman kanggo analisis karya sastra, Endraswara (2003:49). Kanthi mangkono tintingan struktural bakal ngonceki struktur saperlu nganalisis sarta nangkep makna kang wutuh jroning critane.

Ing panliten iki, bakal ditintingi kabeh unsure saperlu njupuk makna kang kinandhut sajrone novel KIKD. Critane novel KIKD minangka crita perjuwangan kango njerone ngandhut makna sumimpren kango apik. Mula, sakabehe unsur dadi bab kango wigati.

## 3. METODE PANLITEN

Sajrone metode panliten iki bakal diandharake cara-cara ing panliten, antarane, ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, *instrument* panliten, tata cara panglumpukane dhata, pungkasan metode lan teknik analisis dhata. Kanthi peprincen ing isor iki ;

### 3.1 Ancangan Panliten

Sawjining panliten mbuthuhake ancangan, tujuwane nuduhake cara-cara kango nganalisis lan njlentrehake runtute panliten. Panliten iki migunakake pendekatan struktural, amarga objeke tumuju marang unsur-unsur pamangun karya sastra. Sing dadi punjer pamicaran yaiku teks jroning karya sastra. Teks sastra tetep kaanggep sing utama jroning

pendekatan intrinsik (struktural). Mula, sing ditengenake ora adoh-adoh saka teks sastra.

Saben-saben dhata sing tinemu disambung kanthi setiti mujudake perangan wutuh. Dhata ditliti kanthi setiti banjur dijabarake, ananging iseh tetep ndaya gunakake sumber asline. Panliten iki diiwiti saka tahap panglumpukan dhata, analisis dhata, lan nganalisis asil uji dhata.

### 3.2 Sumber Dhata lan Dhata

#### 3.2.1 Sumber Dhata

Sumber Dhata ing panliten iki arupa novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu* anggitane Suparto Brata. Novel KIKD nate dicetak ing majalah Panjebar Semangat taun 1963, banjur dibukukake penerbit NARASI (Yogyakarta), banjur dipublikasi taun 2012. Kasusun saka wolung bab kanthi cacah 192 lan 8 babag. Kejaba novel, sumber dhata liyane saka *literatur*, skripsi lan sapanunggale, sing ndhukung lumakune panliten. Sumber panunjang saliyane kuwi, arupa panliten-panliten sing saemper.

#### 3.2.2 Dhata Panliten

Ing panliten iki, data sing dibabar awujud tembung apadene ukara pethikan saka novel *Kadurakan Ing Kidul Dringu*. Dhata-dhata kasebut wis dijlimeti kanthi setiti ing saben pada, larik, lan *konteks*. Digoleki tembung-tembung sing cocok saperlu underaning panliten antarane, a) Kepriye struktur naratif novel KIKD anggitane Suparto Brata, b) Kepriye makna sajrone novel KIKD.

#### 3.3 Instrumen Panliten

Karya sastra minangka objek otonom adhedasar pamawas panliti. Panliten iki mujudake panliten pustaka, panliti mujudake instrumen jroning panliten.

#### 3.4 Tata Cara Ngumpulake Dhata

Ing tahap iki, sing kudu ditindakake yaiku maca novel KIKD, saka ngarep nganti rampung. Ditindakake kanthi

maksud supaya nduwensi gambaran total lan meruhi isi novel.

### 3.5 Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata panliten sastra mesti kaiket karo teori, konsep, lan metode. Teori jroning panliten iku yaiku teoristruktural. *Teknik* analisis dhatane, *teknik* analisis struktural, lan metode sing dipigunakake yaiku metode analisis teks. Ing analisis teks, panliti mujerake dhiri marang pirang-pirang aspek saka teks. Tata lakune analisis dhata sing ditindhakake antarane :

- 1). Nganalisis dhata pokok arupa dhata-dhata sarta nggunakake pedoman ing ancuse panliten kang wis ditemtokake.  
*Klasifikasi* yaiku :
  - a. Nintingi struktur naratif novel KIKD
  - b. Nintingi makna jroning novel KIKD.
- 2). Ndheskripsikake asil analisis awujud teks kanthi rinci lan runtut adhedasar underane panliten lan ancuse panliten
- 3) Ndudut asil panliten, sabanjure disampekake ing laporan asiling panliten.

## 4. TINTINGAN NGENANI STRUKTUR NARATIF NOVEL KIKD LAN MAKNANE NOVEL KIKD

### 4.1 Struktur Naratif Novel KIKD

Saben karya sastra mono nduwensi wujud, kanggo nggambareke wujude novel KIKD bisa ditintingi struktur naratife. Struktur naratif mau dumadi saka telung perangan, yaiku tema, fakta crita, lan sarana crita.

#### 4.1.1 Tema Mayor

Novel KIKD ngangkat tema ngenani perjuwangan para pemudha jroning ngadhepi serangan kolonial. Kadadeane sawise ana mupakatan prejanjen Linggarjati taun 1945 antarane Indonesia-Walanda.

#### 4.1.2 Tema Minor

Tema minor sajrone novel KIKD yaiku bab jejodhowan. Jroning novel KIKD, lelampahan katesnan ngrembaka antarane Naraindras, Wimbadi, Dulmanan, lan

Kingkinarti. Ana Dulmanan sing dhemen marang Kingkinarti, sarta ana Naraindras kang ndhemeni Wimbadi, dene Wimbadi ndhemeni Kingkinarti.

### 4.2.1 Fakta Crita

Sacara umum para paraga jroning novel KIKD kaperang dadi telu, yaiku paraga protagonis, antagonis, lan paraga tambahan. Paraga protagonis minangka paraga hero jroning crita. Paraga antagonis mujudake mungsuh tumrap paraga protagonis, dene paraga tambahan minangka paraga jejangkep.

#### 4.2.1.1 Paraga Protagonis

Para paraga protagonis jroning novel KIKD yaiku para pemudha pejuwang sing sakawit mujudake para pengungsi. Para pemudha pejuwang mau kang nduwensi kalungguhan wigati lan niyat mertahanake lumakune crita yaiku Wimbadi, Dulmanan, lan Dasiyun.

#### 4.2.1.2 Paraga Antagonis

Landa dadi pehak asing sing nyerang pribumi sawise Indonesia mardika. Bangsa Landa teka kanthi tujuwan nguwasan basis Indonesia. Serangan Landa ing kutha Probolinggo migunakake piranti pepak kaya tank, kanon, mortir, lan metaliyur. Serangan kuwi ditindakake ing kutha Probolinggo, Pasuruan, Mbangil, lan Malang. Pribumi dadi kocar-kacir pacak barisane merga kalah senjata. Mula, nuwuhake kurban sing ora sethithik.

#### 4.2.1.3 Paraga Tambahan

Paraga tambahan minangka paraga sing nyengkuyung lakune paraga protagonis. Paraga tambahan ing novel KIKD yaiku Mbakyu Pandam, Mas Pandam, Ananta, Adi Waluya, Kingkinarti, Naraindras, lan Lilik Handayani. Para paraga mau sing melu nyengkuyung perjuwangan para pemudha jroning ngadhepi serangan Landa.

#### 4.2.1.4 Alur

Alur jroning novel KIKD migunakake susunan sing runtut, alure maju nyritakake lelampahane Wimbadi nalika ing kutha Probolinggo.

#### **4.2.1.5 Konflik**

Konflik jroning novel KIKD wujude ana loro, konflik internal lan konflik eksternal kang nyebabpake para maos digeret menyang konflike pribumi lan Wimbadi wektu kuwi. Konflike mau dipungkasi kanthi dramatis, para pemudha kalebu Wimbadi padha rumangsa duraka sapungkure kadadeyan patine Dasiyun lan Dulmanan pungkasane pilih ngalih saka desa kono. Ing kahanan perang, padha ora sengaja ketemu karo bakal sisihane ana desa kidul Dringu. Ing pungkasana, Wimbadi nikah karo Kingkinarti sarta ndadekake dhirine tentrem uripe ing tembe mburi.

#### **4.2.1.6 Kelir**

Sajrone novel KIKD, kacritakake pemudha Wimbadi lagi ing kutha Probolinggo pernahe Desa Dringu.

Sawise perjuwangan para pemudha dipungkasi jalanan Dulmanan lan Dasiyun tiwas ketembak. Kingkinarti lan Wimbadi mutusake pindhah menyang kutha Sala kanthi cara ora bareng.

#### **4.3.1 Sarana Crita**

Kang kalebu sarana crita yaiku basa lan sudut pandang. Kepriye pengarang anggone nggunakake basa lan kepriye anggone nampilake para paraga jroning lagake.

##### **4.3.1.1 Basa**

Ora mung jinis basa ngoko, nanging uga ana jinis ragam basa dialeg Suroboyoan. Nanging ana sureasa basa saka Sala. Basa jroning novel KIKD sipate variatif, dinamis njalari critane dadi urip lan dramatis.

##### **4.3.1.2 Sudut Pandang**

Jroning novel KIKD, pengarang nggunakake sudut pandang wong kapisan, yaiku “aku” kang jenenge Wimbadi. Wimbadi nyritakake kadadeyan sakupenge zaman kolonial saka pengalaman sing nate dialami.

#### **4.2 Makna Sajrone Novel KIKD Anggitane Suparta Brata**

Makna jroning novel KIKD tinemu ing antarane, ana sejarah Diplomasi-Prejanjen mertahanake wilayah Indonesia,

perjuwangan fisik kang sarwa rekasa, pakumpulan mujudake sarana solidaritas sosial, jroning pasrawungan ana etika sosial, akidah warga Desa ngenani kewan asu, nilai bener gumantung ana dhiri pribadhi, lan tumindak nyebal saka kamanungsan kang njalari kahanan kajiwana ora normal.

#### **4.2.1 Ana Diplomasi-Prejanjen**

##### **Mertahanake Wilayah Indonesia**

Penjajahan dadi perangan sejarah mandhege bangsa. Lumantar crita jroning novel KIKD, bangsa Indonesia nate ngalami penjajahan Landa ing Probolinggo taun 1947.

Jroning novel KIKD diandharake menawa tanggal 17 Agustus 1945 ditindakake mupakatan Linggarjati saperlu mertahanake wilayah Indonesia. Saka wedharan ing ndhuwur, kita bisa weruh yen ana prejanjen Linggarjati saperlu nylametake wilayah.

#### **4.2.2 Perjuwangan Fisik Kang Sarwa Rekasa**

Kadadean jroning novel KIKD bisa weneh weruh marang kita bab rekasan perjuwangan para pemudha anggone rebut kamardikan. Tamtu tumindake pemudha kang ora disebutake cethane, bisa dadi obor semangat bela bangsa marang Wimbadi sakana.

#### **4.2.3 Ana Nilai Solidaritas Sosial**

Kumpulan para pawongan kang kawangun saka nasib padha bisa nuwuake rasa solidaritas dhuwur. Pendhudhuk Desa minangka bangsa kang dijahah melu ngreksa para pemudha pengungsen kang lagi berjuwang ngrebut kamardikane bangsa.

#### **4.2.4 Kapitayan Dhukun Isih Diugemi**

Jroning novel KIKD, pengarang nggambarake yen kahanan pasrawungan masyarakat Jawa mono ana kapitayan. Pak Kamituwa uga iseh ngugemi yen dhukun mono wong sekti sing bisa nambani.

#### **4.2.5 Jroning Pasrawungan Ana Etika Sosial**

Tumrap masyarakat Jawa kahanan pasrawungane sarwa kompleks merga kaiket norma sosial. Anane norma bisa mujudake urip sing salaras lan tentrem. Norma jroning novel KIKD isih dicakake dening pemudha Wimbadi.

Wimbadi njaga pasrawungan amrih ora nuwuake pambiji kang ala marang dhirine lan Naraindras. Wimbadi minangka lakon ing crita sing bisa dadi patuladhan jroning tumindak merga Wimbadi saben ngugemi anger-anger jroning pasrawungan. Nanging ora kanggone Naraindras, Dulmanan, lan Kingkinarti.

#### **4.2.6 Akidah Warga Desa Ngenani Kewan Asu**

Wedharan Ing ndhuwur njlentrehake novel KIKD ngandhut makna yen kewan asu minangka kewan najis. Pak Kamituwa weneh pepeling marang Wimbadi minangka pengungsi menawa Asu minangka kewan najis kang ora oleh cedhak langgar. Semono uga, miturut pamawase Kingkinarti kang ngugemi menawa kewan asu minangka kewan kang najis.

#### **4.2.7 Bener Iku Gumantung Dhiri Pribadi**

Para pemudha mbiji menawa tumindak merjaya Dulmanan tumindak kang bener dening Adi Waluya sakanca. Putusan mau kanthi tetimbangan kahanan kutha kang sarwa mbebayani sarta rumah sakit kang adoh. Dene miturut para warga, para pemudha wis nindakake tumindak kadurakan njalari patine Dulmanan. Banjur anane kadadean tumindake Dasiyun kang bunuh dhiri. Tumindake para pemudha nyebabpake kahanan Desa dadi sarwa kisruh. Tumindak kang mangkono digethingi dening para warga Desa.

#### **4.3.7 Tumindak Nyebal Saka Kamungsan**

Wimbadi bola-bali weruh kadadean kang nyebal saka kamanungsan. Wimbadi weruh wong waras padha mati lan dipateni dening kanca dhewe. Tumindak kang nyebal saka kamanungsan mangkono asring ditemokake ana zaman kolonial.

### **5. PANUTUP**

Novel KIKD karyane Suparto Brata kang dadi objek panliten iku ngangkat tema perjuwangan, yaiku perjuwangan grombolan pemudha ing desa kidul Dringu nalika kutha Probolinggo dibroki tentara Walanda.

Minangka karya sastra, novel KIKD nduweni wujud kang nengsemake jalaran kebangun saka unsur-unsur intrinsik kadi dene sistem kang nduweni teges. Unsur-unsur pambangun mau, kejaba temane, yaiku unsur-unsur fakta crita, lan sarana crita.

Ing babagan fakta crita, nampilake para pemudha pejuwang minangka paraga protagonis. Paraga protagonis minangka paraga kang nyengkuyung lumakune crita. Para pemudha mau yaiku Wimbadi, Dulmanan, Dasiyun, Kingkinarti. Para paraga protagonis nduweni watak kang beda-beda. Wimbadi sing satemene mujudake wong juweh, malih dadi kendel sawise bisa nggunakake pistule Dulmanan sing watake kasar. Jebul pinter nggunakake pistol lan ngajari kancane kepriye carane nggunakake pistol. Semono uga dening Dasiyun sing kawitane watak wandu dadi kendel sawise kadadean patine Dulmanan jalaran dhirine, dene minangka paraga antagonis yaiku pasukan Walanda kang nedya njanjah Indonesia maneh, lan mbljenjani perjanjen linggarjati kang wis dimupakati ing taun 1947.

Sing dadi paraga tambahan yakuwi, Kingkinarti, Mbakyu Pandam, lan Mas Pandam, Naraindras, Ananta, Adi Waluya, Pak Kamituwa, Lilik Handayani, padha nyengkuyung perjuwangan lan padha melu berjuwang rebut kamardikan nalika ana kampung kidul Dringu.

Makna jroning novel KIKD ing antarane yaiku makna sajrone novel KIKD antarane, ana sejarah Diplomasi-Prejanjen mertahanake wilayah Indonesia, perjuwangan fisik kang sarwa rekasa, pakumpulan mujudake sarana nilai solidaritas sosial, jroning pasrawungan ana etika sosial, akidah ngenani kewan asu, nilai bener gumantung ana dhiri pribadi,

lan tumindak kang nyebal saka kamanungsan.

\_\_\_\_\_. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta : Penerbit kanisius

### **Kapustakan**

- Adi, Ida Rochani. 2011. *Fiksi Populer*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jakarta : PT.buku seru
- Jebrohim. 2012. *Teori Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Kutha Ratna, Nyoman. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta:Pustaka pelajar
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT.Remaja Rosdakarya
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah mada university press
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, Dan R&D*. Bandung : Cv.alfabeta
- Suparyanto, Yudi. 2009. *Bela Negara*. Kementrian Pendidikan Nasional: Jakarta
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Rass, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta : PT Grafitipers
- Riyanto, Yatim. 2007. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kualitatif dan Kuantitatif*. Surabaya:Unesa University Press
- Stanton, Robert.2007.*Teori Fiksi*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Teeuw A (nama lengkap). \_\_\_\_ .1998. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka jaya-girimukti pasaka
- \_\_\_\_\_. 2001.*Analisis struktur dan Nilai Budaya syair bertema sejarah*. Jakarta : Pusat Bahasa
- Departemen Pendidikan Nasional